Aprel, 2025-Yil

# PSIXOLOG -TRENERLER TOPARLARǴA TRENIN' SHÓLKEMLESTIRIWDE TIYKARǴI INDIVIDUAL PSIXOLOGIYALIQ IZERTLEWLER

**Turemuratova Aziza Begibaevna**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti assistenti.
*Azizaturemuratova85@gmail.com*
**Turganbaeva Gulbanu Aytbay qizi**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti.
**Karimova Miyassar Koblan qizi**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.15237840*

***Annotatsiya.*** *Bul izertlew toparlarda psixologiyalıq trenin'lerdi shólkemlestiriwdiń ulıwma qaǵıydaları hám psixolog -trenerlerge trenin'di basqarıwda zamanagóy pedagogikalıq - psixologiyalıq metodikalıq qóllanbalardan paydalanıwdıń áhmiyetli tárepleri haqqında maǵlıwmatlar keltirip ótilgen. Bul maǵlıwmatlar tiykarında psixolog -trenerler ózlerine kerekli bolǵan metodikalıq usıllardan paydalanǵan halda trenin'lerdi shólkemlestiriwleri múmkin.*

***Gilt sózler:*** *Psixologiyalıq izertlewler, psixologiyalıq trenin', trenin' qaǵıydaları, psixolog -trener, trener qábileti, pedagogikalıq uqıp, psixologiyalıq potencial.*

## PSIXOLOG-TRENERLAR GURUHLARGA TRENING TASHKILLASHTIRISHDA ASOSIY INDIVIDUAL PSIXOLOGIK TADQIQOTLAR

***Annotatsiya.*** *Ushbu tadqiqot guruhlarda psixologik treninglarni tashkil qilishning umumiy qoidalari va psixolog-trenerlarga treningni boshqarishda zamonaviy pedagogik-psixologik metodik qo'llanmalardan foydalanishning ahamiyatli taraflari haqida ma'lumotlar keltirib o'tilgan. Bu ma'lumotlar asosida psixolog-trenerlar o'zlariga kerakli bo'lgan metodik usullardan foydalangan holda treninglarni tashkil qilishlari mumkin.*

***Kalit so'zlar:*** *Psixologik tadqiqotlar, psixologik trening, trening qoidalari, psixolog-trener, trener qobiliyati, pedagogik mahorat, psixologik salohiyat.*

## PSYCHOLOGIST-TRAINERS CONDUCT BASIC INDIVIDUAL PSYCHOLOGICAL RESEARCH WHEN ORGANIZING GROUP TRAINING

***Abstract.*** *This study provides information on the general rules for organizing psychological training in groups and the important aspects of using modern pedagogical and psychological methodological guides in conducting training for psychologist-trainers. Based on this information, psychologist-trainers can organize trainings using the methodological methods they need.*

***Keywords:*** *Psychological research, psychological training, training rules, psychologist-trainer, trainer skills, pedagogical skills, psychological potential.*

Topardaģı basqarıw jaģdayı baslawshınıń qaysı rolde qatnasıwı menen bir tárepten, ekinshi tárepten bolsa onıń jeke sıpatları menen baylanıslı ekenligin baqlawımız múmkin. Basqarıw usılınıń klassifikaciyası boyınsha kishi toparlarda tómendegi usıllarda basqarıw jaģdayları bar: avtoritar, demokratiyalıq, liberal. Trenin' toparın basqarıw álbette basshınıń stiline tikkeley baylanıslı boladı, bunda processlerdiń jumsaq yamasa qattılıģına da itibar qaratılıwı zárúr.

T.Visokinska-Gonserdin pikirinshe, "Direktiv psixoterapevt procesti basqaradi, qadaģalaydi hám ózi ģárezsiz túrde toparlıq normalardı qollanadı hám hár bir jaģdayģa óz túsiniklerin beriwge háreket etedi. Direktorı emes psixoterapevt bolsa topar qatnasıwshılarına óz betinshe qarar qabıl etiw imkaniyatın beredi, olardıń ózleri talqılaw ushın tema tańlaydı, olardıń is-háreketlerin baqlamaydı, waqıttı sheklemeydi, topar normalarına ámel etiwi haqqındaģı sózlerden paydalanılmaydı, bir sóz benen aytqanda toparģa ģárezsizlik beredi, bunda topar ózin-ózi basqarıwģa úyrenedi. Qayta baylanıs hár bir trenin' toparları ushın eń kerekli bolģan jaģdaylardan biri esaplanadı. Hár bir trenin' procesinde álbette qayta baylanıs komponentleri bolıwı zárúr. Trenin'niń nátiyjeli bolıwında álbette qayta baylanıstıń ornı sheksiz. Trenin' usılları haqqında túrli ádebiyatlarda túrlishe berilgen, olar júdá kóp esaplaydı. Hár bir avtor trenin' usılların túrlishe túsinedi, hár bir avtordıń ózi ushın jaqın bolģan usılları bar olar usı usıllardan paydalanıwdı jaqsı kóredi. Tiykarģı trenin' usıllarına toparlıq sóylesiw hám álbette psixogimnastikanı aytıp ótiw orınlı. Kópshilik izertlewshiler bul jagdaylardı trenin' metodologiyası dep atawdi jaqsı kóredi. Birinshi bólimde trenin' ámeliy psixologiyanıń metodları sistemasında analizlengen edi. Bul tiykarınan kliyent penen islegen waqıtta paydalı bolatuģını aytıp ótilgen edi. Biziń turmıs iskerligimiz dáwirinde túrli qubılıslar júz beredi. Bul jagdaylardı sezinip biz hár qıylı turmıslıq tájiriybelerge iye bola baslaymız hám olardı sheshiwde kónlikpeler toplaymız. Trenin'te de tap usınday jumıs ámelge asırılıwı kerek boladı. Usıl bul maqsetke erisiwde biliw arqalı qollanılatuģın jaģdaylardan biri esaplanadı. Trenin' usılları haqqında sóz etkende bwl usıllar tikkeley subyektke baģdarlanģanlıģın tán alıwımız kerek. Anıq etip aytqanda eki túrli tipke mólsherlengen individual hám toparlıq. Sonnan kelip shıqqan halda trenin' usılların klassifikaciyalaw múmkin, olar qatnasıwshılarģa baģdarlanģan bolıwı múmkin. Trenin' usılları úsh basqıshta bolıwı múmkin: Topar ishinde - ayrıqsha qatnasıwshı menen, bul tiykarınan trenerdiń bir qatnasıwshıģa tásir etiw nátiyjesinde júz beredi, bunda bir qatnasıwshı menen trener psixokorrekciyalıq xızmetti yamasa kenesti túsindirip atırģan waqıtta kózge taslanıwı múmkin.

Jáne bul usıl psixoterapiya usılların túsindirip atırǵan waqıtta ámelge asırılıwı múmkin.

Bul usılda baqlawshılardıń bolıwı talap etiledi. Hámme ushin áhmiyetli bolgan temalardı bir adam menen talqılaganda qollanıladı. Topar arqalı-topardaǵı bar imkaniyatlardan paydalanǵan halda topar arqalı tásir etiw múmkin boladı, bul joqarıdaǵı jaǵdaylardı esletedi, biraq baslawshı jasırın túrde birneshe qatnasıwshılarǵa tásir etiw ushın topar rezervlerinen paydalanadı (bunda álbette psixologiyalıq járdem kórsetiw ushın qollanıladı, olardı basqarıw ushın emes). Trenin' usılların tallawda individual hám toparlıq processler esapqa alınıwı kerek boladı, bunda trenerdiń jumısı da ámelge asırıladı. Trenin'te kóplegen waqıyalar júz beriwi kerek, áyne waqıyalar trenin'niń áhmiyetli tiykarları sıpatında talqılanadı. Waqıya joq eken-trenin' te joq esaplanadı. Waqiyalar júz beriwi ushin trener óziniń belsendiligin bagdarlap turiwi kerek boladı. Basqasha aytqanda trener haqıyqatlıq principine tiykarlanıp háreket etiwine tuwra keledi. Metologiyalıq kózqarastan, waqıya bul hárekettiń waqıtta hám zamanda júzege keliwi is-háreketi esaplanadı.

Endi trenin' usıllarına túsinik beriw múmkin.

Demek, trenin' usılları bul - qatnasıwshılardıń ómir iskerligin, maqsetlerin, oǵan erisiw jolların ámelge asırıwda qatnasıwshılardıń belsendiligin arttırıwshı usıllardan esaplanadı.

Trenin' usılların ámelge asırıwdıń áhmiyetli principleri.

- Topar tárizindegi psixologiyalıq jumıstıń abzallıqları
- Toparlıq normalar
- Toparda roller poziciyası
- Topar awızbirshiligi túsinigi
- Trenin' toparlarında gomogenlik hám getrogenlik.
- Oqıw toparınıń sapa quramı
- Oqıw toparınıń muǵdarlıq quramı

Trenin' jumısınıń maqseti

Trenin' toparları psixoterapiya, psixokorrekciya hám oqıtıw menen birgelikte ótedi. Oqıw toparlarında tómendegi maqsetlerde ámelge asırıladı:

- qatnasıwshılardıń mashqalaların izertlep hám olarǵa psixologiyalıq járdem beriw;
- psixologiyalıq salamatlıqtı saqlaw hám subyektiv jaǵdaylardı jaqsilaw;
- psixologiyalıq nızamlıqlardı, mexanizmlerdi hám shaxslar aralıq baylanıslardı úyreniw hám onıń adamlar menen baylanısına tásirin analiz etiw;
- Qatnasıwshılardıń ózin-ózi izertlewin hám sanasınıń rawajlanıwın úyreniw yamasa emcional jaǵdaylardıń ózgeriwin aldın alıw;
- jeke rawajlanıw procesine tásir kórsetiw hám dóretiwshilik potencialdı rawajlandırıw.

Waqiyalıq principi trenin'niń hámme jaǵdaylarında qatnasadı, ol trenin' usıllarınıń tiykarı esaplanadı. Demek, trenin'niń ózine tán principleri bar, olar tómendegiler bolip esaplanadı: 1) xizmetti shólkemlestiriw; 2) mákandı shólkemlestiriw; 3) waqıttı shólkemlestiriw. Waqiyalılıq principi. Bul princip tómendegishe ámelge asırıladı, trenin' waqtında psixologtıń xızmetinde belgili bir waqıyalarǵa aylanǵan shinj'r sıpatında ámelge asırılıwı kerek boladı. Bunda sirtqi hám ishki sezimler bir waqiyalarga aylanıwı zárúr boladı. Basqasha aytqanda, trenin' hár bir qatnasıwshı ushın bir waqıyaǵa aylanıwı talap etiledi. Usı jaǵdayda ǵana qatnasıwshınıń jeke is-háreketleri júzege keledi hám sonda ǵana onda ózgerisler júz bere baslaydı.

Bul jaǵdaylarda trenin' hár bir is-háreketin ańlaw óz imkaniyatların ósiriw arqalı júz beriwi múmkin. Trenin' dawamında qandayda bir waqıyalar júz berse, qatnasıwshılardıń ózgeshelikleri, ózine tánligi hám dúnyaǵa bolǵan múnásibetleri de ózgeredi. Buni tómendegi misal arqalı túsindirip beremiz: Psixolog úlken klass oqıwshıları menen kásip tańlaw temasında trenin' sabaqların alıp barmaqta. Alıngan metodikalarınıń nátiyjelerine qaray, psixolog barlıq oqıwshılarǵa individual túrde másláhát beriwi, bul jaǵdayda qaysı orında orın bar ekenligin túsindirip ótiwi de múmkin, yaki bolmasa arnawlı kásiplik shınıǵıwlar qollanılatuǵın trenin' bagdarlamasın islep shiǵip olardı usi trenin'ge qatnasıwǵa tartıw múmkin, bul trenin'de oqıwshı ózi ushın qızıǵatuǵın kásiplerdi ózi anıqlaydı hám ózin kórsetedi, ol ózinde jana qábilet hám jana imkaniyatlardı ashiwi múmkin. Bul jaǵdayda oqıwshılar ózleriniń ishki ózgesheliklerin sırtqı dúnya menen tıǵızlıǵın talqılay aladı. Metaforalastırıw principi. Bul jerde metafora túsinigin simvollar menen baylanıslılıq nızamlıqları tallanadı. Simvol-bul birlik, óz ara tolıqtırıwshı, belgi esaplanadı. Metafora bolsa bir biylikti ekinshisine ótkeriw halatı esaplanadı. Basqasha aytqanda, metafora arqalı bir keńislikte ekinshi keńislikke ótiw imkaniyatı boladı. Eger trenin' qatnasıwshıları basqa insanda ózin ańlasa, ol menen birlikti sezse ǵana metaforalastırıw principi unamlı juwmaqlanǵan dep esaplanadı. Bul usıldan simvollar usılında paydalanıw múmkin.

Transspektivalıq principi. Bul principke muwapıq psixolog ótmish hám keleshek haqqındaǵı jaǵdaylardı trenin' qatnasıwshılarınıń sanasında jarata alıwı kerek boladi. Bunda waqıt aralıqların bir-birine baylanıstırıp ketiwi talap etiledi. Waqıt aralıǵı salıstırmalı jaǵday ekenligi belgili. Psixologiyalıq waqıt cikl jaǵınan túrlishe ótiwi múmkin. Bir nárse anıq, bolıp atırǵan waqıyalar tek ǵana házirgi jaǵdaydı emes, al ótmishti hám keleshekti de ózgertiwi múmkin. Bul jaǵdaylardı psixoanaliz hám NLP arqalı ózgertiw múmkin boladı. Sonı atap ótiw múmkin, ótmish hám keleshek transpektiva usılında tallanıwı hám ózgertiliwi múmkin. Waqıyalardıń transpektivligi insanǵa ótmishti hám keleshekti ózgertiw imkaniyatın beredi. Trenin' waqtında waqıyalar hár qıylı usıllarda payda boladı.

Usı jaǵdaydan kelip shıqqan halda waqıt hám zaman kórsetkishlerin paydalanıw maqsetke muwapıq. Bunda qatnasıwshılardıń belsendiligin qashan hám qalay ámelge asırılıwın qadaǵalaw múmkin. Birinshiden, waqiyalar treninnen aldın júz bergen boliwi múmkin, bul waqiyalar jaǵımlı yamasa jaǵımsız boliwi, olar ózine isenimdi qáliplestiriwi yamasa psixologiyalıq jaqtan ziyan jetkeriwi, konstruktiv yamasa destruktiv, ishki hám sirtqi boliwi múmkin. Kliyent trenin'ge usi waqiyalar tásirinde keliwi múmkin, tap usi waqiyalar menen toparda islewge tuwri keledi.

Ekinshiden, bul trenin'te júz bergen waqıyalar. Bul usı jerde hám házir principine tiykarlanadı. Bular insayt, katarsis, real konfliktler, basqa adamdı seziw hám basqalar boliwi múmkin. Bul waqiyalarsız ekvivalentlik principin qollanıw múmkin emes, kliyent barlıq nárselerdi ózlestiriwdi qáleydi, bul bolsa kliyentte real ózgerislerdi támiyinleydi. Úshinshiden, ele júz bermegen waqıyalar, bular trenin'lerden keyin júz beriwi múmkin. Trenin' dawamında bul waqıya hám hádiyseler tallanadı, modellestiriledi. Olar repititaciya formasınan ámelge asırılıwı múmkin.

Trenin' waqtında júz berip atırǵan bul waqıyalar keleshekke qaratılǵan.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY." Modern Science and Research 2.10 (2023): 318-322.
2. Turemuratova, Aziza. "TRADITIONS OF FORMING THE SPIRITUAL AND MORAL WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN PEDAGOGY." Евразийский журнал академических исследований 3.7 (2023): 225-229.
3. Dauletova, G. M. "O'SMIRLIK YOSHDAGI PSIXOLOGIK O'ZGARISHLAR." ХАБАРШЫСЫ 3 (2022): 81.
4. Begibaevna, Turemuratova Aziza, Kujamuratova Gulnaz Jumabayevna, and Iskendarova Shayra Sabirovna. "PEDAGOGICAL MECHANISMS OF DEVELOPING COLLABORATIVE SKILLS OF STUDENTS BASED ON A MULTI-VECTOR APPROACH." International Journal of Pedagogics 4.09 (2024): 55-62.
5. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "APPLYING METHODS THAT IMPROVE STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON MULTI-VECTOR PEDAGOGICAL APPROACHES." European International Journal of Pedagogics 4.11 (2024): 178-182.
6. Begibaevna, Turemuratova Aziza, and Asamatdinova Bazargul Bakhadirovna. "PEDAGOGICAL FOUNDATIONS OF DEVELOPING

STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON A MULTI-VECTOR APPROACH." European International Journal of Pedagogics 4.11 (2024): 183-187.

7. Begibaevna, Turemuratova Aziza, and Ayimbaeva Aynura Rustamovna. "PEDAGOGICAL ANALYSIS AND ESSENCE OF MULTI-VECTOR APPROACHES IN IMPROVING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON THE EDUCATIONAL PROGRAM." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 5.11 (2024): 88-92.
8. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "THE ROLE OF PEDAGOGICAL METHODS BASED ON MULTI-VECTOR APPROACHES IN MODERN EDUCATION IN IMPROVING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 5.11 (2024): 98-102.
9. Begibaevna, Turemuratova Aziza, Kushbaeva Indira Tursinbaevna, and Dawletmuratova Raxila Genjemuratovna. "THE MAIN ESSENCE OF DEVELOPING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON MULTI-VECTOR PEDAGOGICAL APPROACHES IN MODERN EDUCATION." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 5.09 (2024): 43-46.
10. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Program Technology for Choosing an Effective Educational Methodology Based on Modern Pedagogical Research in The Educational System." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 6.02 (2025): 30-33.
11. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "USE OF PEDAGOGICAL METHODS BASED ON THE MODERN EDUCATIONAL PROGRAM TO INCREASE THE EFFECTIVENESS OF EDUCATION." European International Journal of Pedagogics 4.06 (2024): 26-33.
12. Kurbanova, R. J., and B. E. Saidboeva. "MAKTAB VA OILADA ESTETIK TARBIYANI SHAKLLANTIRISH JARAYONIDA O'QUVCHILARNING AKSIOLOGIK DUNYOQARASHINI RIVOJLANTIRISH." Inter education & global study 9 (2024): 114-121.

MODERN SCIENCE & RESEARCH